

Kontra Patisipasyon nan Pwogram Oto-Sifizans Familyal (FSS).

Depatman Lojman ak
Devlopman Iben Etazini

OMB Apwobasyon Nimewo 2577-0178
(eksp. 30/04/2025)

Kontra Patisipasyon sa a pou Pwogram Oto-Sifizans Familyal (FSS) se ant _____
, Ajans Lojman Piblik (PHA) oswa pwopriyete PBRA, epi _____ chèf fanmi FSS.

Fanmi FSS la gen ladann tout moun nan kay la, epi yo deziyen li nan kontra sa a kòm "fanmi".

Kalite Pwogram FSS.

Fanmi an rete nan: (Tcheke youn sèlman)

- Koupon Chwa Lojman (KCL)/Koupon ki baze sou pwojè (KBP)
- Lojman Piblik
- Asistans pou Lokasyon ki Baze sou Pwojè (PBRA)/Plizyè Fanmi

Objektif Kontra a

Objektif kontra sa a se endike dwa ak responsablite fanmi k ap patisipe a ak PHA/pwopriyete a, resous ak sèvis sipò yo dwe bay fanmi an, ak aktivite fanmi an dwe konplete.

Tèm Kontra a

Kontra sa a pral an vigè nan dat _____.

Kontra sa a pral ekspire nan dat [5 ane apre premye resètifikasyon revni apre egzèkisyon an] _____.

PHA/pwopriyete a ka pwolonje tèm kontra a jiska 2 ane si PHA/pwopriyete a jwenn gen *rezon valab* pou pwolongasyon an.

Resous ak Sèvis Sipò yo

Pandan peryòd kontra a, PHA/pwopriyete a pral eseye kowòdone resous ak sèvis ki endike nan Plan Fòmasyon ak Sèvis Endividyèl yo (PFES). Sepandan, PHA/pwopriyete a pa gen responsablite anvè fanmi an si yo pa bay resous ak sèvis yo.

Plan Fòmasyon Endividyèl ak Sèvis (PFES)

Yon Plan Fòmasyon ak Sèvis Endividyèl (PFES) dwe devlope pou chak manm fanmi k ap patisipe. Tout PFES yo pou fanmi an enkòpore nan kontra sa a epi fè pati nan kontra sa a.

Kont Garanti FSS

PHA/pwopriyete a pral etabli yon kont garanti FSS pou fanmi an. Ogmantasyon yo nan pri lwaye fanmi an akòz ogmantasyon nan revni li touche pral kredite nan kont garanti FSS la dapre 24 CFR pati 887 ak 984 (jan sa aplikab) ak nenpòt lòt kondisyon HUD.

Sou lis ki anba a, gen revni anyèl debaz fanmi an, revni anyèl debaz ou touche, ak pri lwaye debaz chak mwa lè fanmi an kòmanse pwogram FSS la. Kantite lajan sa yo pral sèvi pou detèmine kantite lajan yo kredite nan kont garanti FSS fanmi an akòz ogmantasyon pwochen nan revni li touche.

Revni Anyèl Debaz \$ _____
Revni Anyèl Debaz ki Touche \$ _____
Lwaye Mansyèl Debaz \$ _____

Retrè Pwovizwa Fon Garanti

PHA/pwopriyete a pèmèt ___ pa pèmèt ___ retrè pwovizwa fon garanti yo. Si wi, yo dwe bay fanmi k ap patisipe a règleman ki enpòtan yo. PHA/pwopriyete a gendwa debouse yon montan nan kont garanti FSS fanmi an bay chèf fanmi FSS la an konfòmite ak règleman pwovizwa pou retrè li yo ak 24 CFR 984.305).

Fen Pwogram FSS ak Debousman Fon Garanti

PHA/pwopriyete a pral debouse bay chèf fanmi FSS montan ki nan kont garanti FSS fanmi an, mwens tout montan li dwe PHA/pwopriyete a (pou lwaye ki poko peye oswa lòt dèt ki pa peye), lè fanmi an respekte kontra lwaye a, epi:

- (1) PHA/pwopriyete a detèmine ke fanmi an ranpli kondisyon kontra sa a, ki gen ladan kondisyon tout PFES yo; epi
- (2) Chèf fanmi FSS la sètifye pa gen okenn manm fanmi FSS ki resevwa asistans sosyal;

Debousman Fon Garanti nan Ka Rezilyasyon Kontra a

PHA/pwopriyete a pral debouse bay chèf fanmi FSS montan ki nan kont garanti FSS fanmi an, mwens tout montan li dwe PHA/pwopriyete a (pou lwaye ki poko peye oswa lòt dèt ki pa peye), lè fanmi an respekte kontra lwaye a, epi :

- (1) PHA/pwopriyete a, avèk apwobasyon HUD, detèmine gen yon rezon valab pou debouse fon garanti FSS; oswa
- (2) Lè Kontra a te rezilye pou rezon sa yo:
 - a. Sèvis ke PHA/pwopriyete a ak fanmi FSS la te asepte kòm esansyèl pou avansman fanmi FSS la nan direksyon oto-sifizans la pa disponib;
 - b. Chèf fanmi FSS la vin andikape nèt ale epi li pa kapab travay pandan peryòd kontra a, epi PHA/pwopriyete a ak fanmi FSS la detèmine li pa posib pou modifiye Kontra a oswa nonnmen yon nouvo chèf fanmi FSS la; oswa
 - c. li pa posib pou yon fanmi koupon FSS ki an règ ale andeyò jiridiksyon PHA a (an akò ak egzijans regilasyon pou transferabilite) pou yon rezon valab, jan PHA detèmine li, ak kontinyasyon CoP a apre demenajman an, oswa fini CoP a anvan demenajman an.

Chèf Fanmi FSS la Kite Apatman Asiste a

Si chèf fanmi FSS la kite apatman asiste a, rès manm fanmi yo ka, apre yo fin konsilte HA/pwopriyetè a, nonmen yon lòt manm fanmi pou rebran Kontra a oswa resevwa lajan ki nan kont garanti FSS la dapre kondisyon akò sa a.

Pèt Kont Garanti FSS la

Fanmi an p ap resevwa fon ki nan kont garanti FSS li eksepte jan sa prevwa pi wo a. Garanti FSS la ap pèdi epi fanmi an pa gen dwa resevwa fon ki nan kont garanti FSS la si kontra a koupe, eksepte jan sa prevwa anwo a.

Responsablite Fanmi an Chèf Fanmi FSS la dwe:

- Chèche epi kenbe travay apwopriye. **Chèf fanmi FSS la ak manm fanmi sa yo ki deside, avèk akò PHA/pwopriyetè a, egzekite yon PFES , dwe:**
- Konplete objektif pwovizwa yo, objektif final yo, ak nenpòt lòt aktivite disi dat finisman ki nan chak PFES.

Tout manm fanmi yo dwe:

- Konfòme yo ak kondisyon kontra-lwaye a.
- Si w ap resevwa asistans byennèt, vin endepandan de asistans byennèt disi fen dire Kontra sa a.
- Si w ap patisipe nan pwogram HCV a, fanmi an dwe respekte obligasyon famiyal yo dapre pwogram HCV a epi abite nan jiridiksyon PHA ki te enskri fanmi an nan pwogram FSS la omwen 12 mwa apati dat kontra sa a efektif, sof si premye PHA a te apwouve demann fanmi an pou l demenaje andeyò jiridiksyon li dapre transferabilite.

Rezilyasyon Kontra Patisipasyon an

PHA/pwopriyetè a ka koupe kontra sa a si:

- (1) fanmi an ak PHA/pwopriyetè a dakò pou koupe kontra a;
- (2) PHA/pwopriyetè a detèmine ke fanmi an pa pran responsablite li dapre kontra sa a;
- (3) fanmi an soti nan pwogram FSS la; oswa
- (4) PHA/pwopriyetè a gen pèmasyon pou koupe kontra a dapre règleman ak egzijans HUD yo.

Siyati yo:

Fanmi	Ajans Lojman/Mèt kay
(Siyati Chèf Fanmi FSS la)	(Non PHA/pwopriyetè)
(Dat li Siyen)	(Tit Ofisyèl)
	(Siyati Ajan PHA a/Pwopriyetè a)
	(Dat li Siyen)

PHA/pwopriyetè a pral koupe kontra sa a epi distribye fon garanti yo dapre 24 CFR 984 ak 887 lè:

- (1) Sèvis PHA/pwopriyetè a ak fanmi FSS la te asepte kòm esansyèl pou avansman fanmi FSS la nan direksyon otosifzans la pa disponib;
- (2) Chèf fanmi FSS la vin andikape nèt ale epi li pa kapab travay pandan peryòd kontra a, epi PHA/pwopriyetè a ak fanmi FSS la detèmine li pa posib pou modifiye Kontra a oswa nonnmen yon nouvo chèf fanmi FSS la; oswa
- (3) li pa posib pou yon fanmi kupon FSS ki an règ ale andeyò jiridiksyon PHA a (an akò ak egzijans regilasyon pou transferabilite) pou yon rezon valab, jan PHA detèmine li, ak kontinyasyon CoP a apre demenajman an, oswa fini CoP a anvan demenajman an.

PHA/pwopriyetè a dwe bay chèf fanmi FSS la yon avi sou rezilyasyon. Avi a dwe endike rezon ki fè PHA/pwopriyetè a pran desizyon pou koupe kontra a.

Kontra sa a otomatikman koupe si asistans pou lokasyon famiyal la sispann dapre egzijans HUD yo.

Modifikasyon

PHA/pwopriyetè a ak fanmi an ka dakò pou yo modifiye kontra sa a oswa nenpòt PFES enkòpore dapre 24 CFR pati 887 ak 984, jan sa aplikab.

Respè Règleman ak Egzijans HUD yo

PHA/pwopriyetè a ak fanmi FSS la dakò pou yo respekte règleman ak egzijans HUD, ki gen ladan 24 CFR pati 887 ak 984. Nan limit ke nenpòt bagay ki nan kontra sa a an konfli ak règleman oswa egzijans HUD yo, tankou pati 887 ak 984, règleman ak egzijans HUD yo pral pi enpòtan. Kondisyon ak chif yo, tankou revni ak montan pri lwaye ki nan paj 1, yo sijè a koreksyon pa PHA/pwopriyetè a pou konfòmite ak règleman ak egzijans HUD yo. PHA/pwopriyetè a dwe fè fanmi an konnen alekri nenpòt ajisteman ki fèt nan kontra a.

Konfli a Kontra Lwaye a

Si nenpòt kondisyon nan kontra sa an konfli a kontra lwaye a, kontra lwaye a pral pi enpòtan.

Chak Ajans Lojman (PHA/pwopriyete) dwe aplike Pwogram FSS la an konfòmite ak 24 CFR 984 ak 24 CFR 877.

Fado rapò piblik pou koleksyon enfòmasyon sa yo estime a an mwayèn 1.0 èdtan pou chak repons, ki gen ladan tan pou revize enstriksyon yo, rechèch sous done ki egziste deja, rasanble ak kenbe done ki nesese yo, epi ranpli ak revize koleksyon enfòmasyon yo. Repons a koleksyon enfòmasyon sa a obligatwa dapre lalwa (Seksyon 23 (c) & (g) nan Lwa 1937 sou Lojman Etazini, jan Seksyon 554 lwa Cranston-Gonzalez National Affordable Housing Act (PL 101-625) ak Seksyon 306 Lwa sou Kwasans Ekonomik, Sekou Regilasyon, ak Pwoteksyon Konsomatè (PL 115-174) pou patisipasyon nan pwogram FSS la ajoute l.

Enfòmasyon yo kolekte sou fòm sa a konsidere kòm sansib epi yo pwoteje pa Lwa sou Konfidansyalite. Lwa sou Konfidansyalite a egzije pou yo konsève dosye sa yo avèk pwoteksyon administratif, teknik ak fizik apwopriye pou asire sekirite ak konfidansyalite yo. Anplis de sa, dosye sa yo ta dwe pwoteje kont nenpòt menas antisipe pou sekirite yo oswa entegrite yo ki ta ka lakòz gwo domaj, anbarasman, deranjman, oswa enjistis pou nenpòt moun yo konsève enfòmasyon sou li.

HUD pa ka fè oswa patwone, epi yon moun pa oblije reponn a yon koleksyon enfòmasyon sof si li montre yon nimewo kontwòl OMB ki valid kounye a.

Enstriksyon pou Egzekite Kontra Patipasyon FSS la

Chèf Fanmi FSS

Fanmi an dwe deziyen yon manm fanmi adilt kòm Chèf Fanmi FSS ki pral siyen kontra sa a. Chèf Fanmi FSS la, men li pa oblije, chèf fanmi an pou rezon lokasyon. Nan sèten sikonstans, an konfòmite ak 24 CFR pati 887 ak 984, jan sa aplikab, epi kontra sa a, fanmi an ka deziyen yon nouvo Chèf Fanmi FSS pandan dire kontra a.

Dire Kontra a

- (1) Dat antre an vigè a se premye jou mwa apre dat fanmi an ak reprezantan PHA/pwopriyete a te siyen kontra a.
- (2) Dat ekspirasyon an se senk ane apati dat premye re-egzamen an efektif apre dat kontra a antre an vigè. Dat ekspirasyon an ka rete vid jiskaske premye re-egzamen lokasyon an.
- (3) Si PHA/pwopriyete a deside pwolonje dire kontra a, yo dwe retire dat ekspirasyon inisyal ki nan paj en kontra a epi ajoute nouvo dat ekspirasyon an.
- (4) Si yon fanmi demenaje dapre pwosedi transferabilite HCV epi li pral patisipe nan pwogram FSS PHA k ap resevwa a, dat antre an vigè kontra ant fanmi an ak PHA k ap resevwa a se premye jou nan mwa apre dat fanmi an ak reprezantan PHA a te siyen kontra a. Dat ekspirasyon kontra ant PHA k ap resevwa a ak fanmi an dwe menm ak dat ekspirasyon kontra ant premye PHA a ak fanmi an.

Kont Garanti FSS

- (1) Yo dwe pran chif revni ak pri lwaye ki dwe mete nan Kontra sa a nan kantite lajan ki te sou dènye reegzamen an oswa detèminasyon pwovizwa a anvan premye patisipasyon fanmi an nan pwogram FSS la.
- (2) Si yon fanmi demenaje dapre pwosedi transferabilite HCV epi li pral patisipe nan pwogram FSS PHA k ap resevwa a, PHA k ap resevwa a dwe itilize kantite lajan ki endike pou revni anyèl, revni li touche, ak lwaye fanmi an nan kontra sa a ant premye PHA a ak fanmi FSS la.

Chanjman nan Kontra a

- (1) Kontra patisipasyon sa a ka chanje sèlman pou modifiye dire kontra a, Chèf fanmi FSS la, oswa PFES yo.

- (2) Nenpòt chanjman nan tèt fanmi an dapre kontra a dwe enkli kòm yon anèks nan kontra a. Anèks la dwe genyen non nouvo chèf fanmi FSS ki deziyen an, siyati nouvo chèf fanmi FSS la ak yon reprezantan PHA/pwopriyete a, ak dat li siyen an.
- (3) Nenpòt chanjman nan yon PFES dwe enkli kòm yon revizyon nan PFES orijinal la (anèks) kote chanjman an aplike a. Revizyon an dwe gen ladan atik ki chanje a, siyati patisipan an ak yon reprezantan PHA/pwopriyete a, ak dat li siyen an.

Fòmasyon Endividyèl ak Plan Sèvis (FEPS yo)

- (1) Kontra a dwe genyen yon fòmasyon endividyèl ak plan sèvis pou chèf fanmi an. Lòt manm fanmi ki gen laj dizwit ane oswa plis ka chwazi egzekite yon fòmasyon endividyèl ak plan sèvis si PHA/pwopriyete a dakò.
- (2) Resous ak sèvis sipò yo dwe bay chak manm fanmi yo dwe nan lis PFES yo ki se anèks nan kontra patisipasyon an.
- (3) Chak PFES dwe siyen pa patisipan an ak yon reprezantan PHA.
- (4) Yo dwe presize objektif pwovizwa ansanm ak aktivite ak sèvis ki nesese pou reyalize yo. Pa egzanp, yon manman selibatè ki gen de timoun ki gen yon objektif pwovizwa pou konplete edikasyon segondè li ka bezwen plizyè aktivite ak sèvis diferan pou reyalize objektif sa a. Sa yo ka gen ladan transpò, leson patikilye, ak gadri.
- (5) Tout dat finisman ki enkli nan PFES yo dwe nan oswa anvan ekspirasyon kontra patisipasyon an.
- (6) Youn nan objektif final yo pou fanmi k ap resevwa asistans byennèt se vin endepandan de asistans byennèt nan fen kontra a. Nenpòt fanmi ki ap resevwa asistans byennèt **dwe** gen sa a kòm yon objektif final nan tèt PFES fanmi FSS la.
- (7) Lòt objektif final la ki nan lis sou PFES chèf fanmi FSS la **dwe** gen ladan chèche ak kenbe travay apwopriye espesifik pou konpetans moun sa a, edikasyon, fòmasyon travay, ak opòtinite travay ki disponib nan zòn nan.

Ankourajman

Si PHA/pwopriyete a te chwazi ofri lòt ankourajman anrapò ak pwogram FSS la, ankourajman sa yo ka enkli nan fòmasyon endividyèl ak plan sèvis yo oswa kòm yon anèks nan kontra sa a.

Pwogram Oto-sifizans Familyal Plan Fòmasyon Endividyèl ak Sèvis (PFES)

Anèks _____

Non Patisipan an _____

Objektif Final

Nimewo Objektif Pwovizwa a _____

Dat Akonplisman _____

Aktivite/Sèvis

Pati Responsab yo

Dat/yo

Kòmantè

Siyati yo:

Fanmi	Ajans Lojman
(Patisipan)	(Siyati PHA/Reprezantan Pwopriyetè a)
(Dat li Siyen)	(Dat li siyen Tit)

Pwogram Oto-sifizans Familyal Plan Fòmasyon Endividyèl ak Sèvis (PFES)

Anèks _____

Non Patrisipan an _____

Objektif Final

Nimewo Objektif Pwovizwa a _____

Dat Akonplisman _____

Aktivite/Sèvis

Pati Responsab yo

Dat/yo

Kòmantè